



Nimewo Pwotokòl: \_\_\_\_\_

Non Anketè Prensipal: \_\_\_\_\_

Non Anketè K ap Pran Konsantman an: \_\_\_\_\_

Tout kote nou mansyone "ou" nan dokiman an n ap refere ak moun ka p patisipe nan rechèch la. Epi tou n ap refere ak moun ki gen otorizasyon pou bay konsantman pou moun nan patisipe nan etid sa a.

### **Konsantman Pou Patisipe Nan Yon Etid Rechèch**

N ap mande w pou patisipe nan yon etid rechèch. Tout rechèch se volontè. Se ou ki pou decide si ou vle patisipe nan rechèch sa a ou pa. Tanpri pran tan w pou w decide epi diskite li ak fanmi ak zanmi ou.

Avan ou dakò pou patisipe, anketè dwe ba ou enfòmasyon kle sou etid la, tankou:

- 1) Objektif rechèch la, pwosedi yo ak kantite tan li dire.
- 2) Nenpòt pwosedi ki se yon eksperimantasyon.
- 3) Nenpòt risk, malèz, ak avantaj yo prevwa nan rechèch la;
- 4) Nenpòt pwosedi oswa tretman altènativ potansyèl; ak,
- 5) Kijan yo kenbe enfòmasyon ou yo konfidansyèl ak kijan yo pral pwoteje enfòmasyon sou sante ou tankou ou tankou si yo pral konsève enfòmasyon ak/oswa echantiyon biyolojik yo kolekte pandan etid sa a ak si yo pral itilize yo nan rechèch pi devan

An plis kote li nesèsè, anketè a dwe pale ou sou:

- 1) Nenpòt rekonpans oswa tretman medikal k ap genyen si ou pran yon chòk.
- 2) Posibilite pou gen risk yo pa prevwa.
- 3) Sikonstans kote anketè a kapab retire ou nan etid la.
- 4) Nenpòt depans w ap bezwen fè;
- 5) Kisa k ap pase si ou decide sispann patisipe.
- 6) Kilè y ap pale ak ou sou nouvo rezilta ki ka afekte volonte ou pou patisipe;
- 7) Konbyen moun ki pral nan etid la;
- 8) Si yo pral itilize echantiyon biyolojik yo pou benefis komèsyal ak si ou ka pataje nan benefis sa a;
- 9) Si rechèch la pral gen ladan anchènman jenom antye;
- 10) Si yo pral remèt ou rezilta rechèch ki gen enpòtans klinik; epi,
- 11) Pou esè klinik yo: Yon deskripsyon esè klinik yo ap disponib nan [www.ClinicalTrials.gov](http://www.ClinicalTrials.gov), dapre Lwa Ameriken. Sitwèb la pa pral gen enfòmasyon ki ka idantifye ou. Plis bagay l ap genyen se yon rezime rezilta yo. Ou ka chèche nan sitwèb la nenpòt moman.

## Fòmilè Konsantman Kout Pou patisipe nan yon Etid Rechèch

Sant Kansè Dana-Farber/ Harvard (DF/HCC)

BIDMC/BWH/BCH/DFCI/MGH/Afilye Nan Rezo a

vèsyon: 01/21/19

Si w dakò pou patisipe, yo pral ba ou yon kopi dokiman sa a ki siyen ak yon kopi vèsyon angle fòm konsantman klè a.

Ou ka kontakte \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_  
nenpòt lè ou gen kesyon sou etid la oswa chòk ki gen pou wè ak rechèch la.

Epi tou ou ka kontakte biwo Dana-Farber Cancer Institute pou Etid Rechèch sou Moun nan nimewo telefòn (617) 632-3029 si ou gen kesyon sou dwa ou kòm yon patisipan nan yon rechèch.

Se sèlman si ou vle w ap bezwen patisipe nan etid rechèch sa a, epi ou pap gen okenn sanksyon oswa pèdi okenn avantaj si ou refize patisipe oswa deside kanpe.

Depi ou siyen dokiman sa a, sa vle di yo te eksplike ou etid rechèch la ansanm ak enfòmasyon yo ki anlè a epi ou te dakò ak pwòp volonte ou pou patisipe.

### **Dokimantasyon Pou Dakò**

**Siyati patisipan ki gen ant 10 ak 18 an:** Moun k ap fè etid rechèch sa a te di mwen sa k ap pase si mwen patisipe nan etid rechèch sa a. Depi mwen siyen pi ba a sa vle di mwen vle patisipe nan etid rechèch sa a. Mwen kapab deside pa patisipe nan etid rechèch sa a si mwen pa vle epi pa gen anyen ki pral rive mwen si mwen deside mwen pa vle patisipe.

\_\_\_\_\_  
Siyati Patisipan an

\_\_\_\_\_  
Dat

### **Dokimantasyon Pou Bay Pèmisyon**

\_\_\_\_\_  
Siyati Patisipan an  
Oswa Repezantan Otorize Legal la

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Sa Repezantan Otorize Legal la ye pou Patisipan an

\_\_\_\_\_  
Dezyèm Siyati  
Repezantan Otorize Legal la

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Sa Repezantan Otorize Legal la ye pou Patisipan an

---

Siyati Entèprèt/Temwen

---

Dat